



Miami Beach Community Health Center, Inc.

Deklarasyon Dwa ak Responsabilite Pasyan an

Miami Beach Community Health Center (MBCHC) angaje a founi bon kalite swen ki jis, e ki reponn a e ki responsab pou bezwen pasyan nou yo avèk fanmi yo. Nou angaje a bay pasyan nou yo avèk fanmi yo yon mwayer pou nonsèlman yo resevwa swen sante ki apwopriye avèk sèvis ki gen rapò ak yo, mè tou pou adrese nenpòt enkyetid yo kapab genyen konsènan sèvis sa yo. Nou ankouraje tout pasyan nou pou yo konnen dwa ak responsabilite yo e pou yo pran yon wòl aktif nan mentni e amelyore sante yo e solidifye relasyon yo avèk founisè swen sante nou yo.

Nou seryezman konseye nenpòt moun ki gen kestyon oswa enkyetid konsènan "Deklarasyon Dwa ak Responsabilite" nou an pou yo kontakte Sorangely Menjivar, SEVP nan Sèvis a Pasyan yo, ki ap twò kontan pou ede nou.

CHAK PASYAN NOU GEN DWA POU:

1. Resevwa bon kalite swen ki baze sou nòm pwofesyonèl pratik, kèlkeswa mwayer li (oswa mwayer fanmi li) pou li peye pou tip sèvis sa yo.
2. Jwenn sèvis san diskriminasyon ki baze sou ras, etnisite, orijin nasional, sèks, laj, reliyon, andikap mantal, oryantasyon oubyen preferans seksyèl, eta sivil, sitiayson ekonomik ouswa dyagnostik / kondisyon.
3. Pou yo trete yo avèk koutwazi, konsiderasyon, e respè pa tout anplwaye MBCHC yo, tout tan e nan tout sikonstans, e nan yon fason ki respekte diyite yo avèk enfòmasyon yo.
4. Rete enfòme sou règleman ak pwosede MBCHC yo, jan ke règleman yo gen rapò a enfòmasyon sante ki idantifyab pou chak moun.
5. Konnen ke MBCHC kenbe tout dosye medikal yo konfidansyèl e ke yo a emèt yo sèlman avèk otorizasyon alekri yo, an repons a yon manda, oswa selon jan la lwa egzije ou mande li la.
6. Aksè a, revize e/oubyen kopye dosye medikal li, sou demann li, nan yon lè ki agreyab a tout moun (oubyen, si li apwopriye, genyen yon aksè depozitè legal, revize e/oubyen kopye dosye sa yo).
7. Konnen non e kalifikasyon tout moun ki reponsab pou swen sante li e rete enfòme sou kòman pou li kontakte moun sa yo.
8. Mande yon founisè swen sante diferan si li pa satisfye avek moun MBCHC deziyen an. Miami Beach Community Health Center va fè tout efò, men yo pa kapab garanti yo va onore demann redeziyasyon an.

2 Enfòmasyon pasyan



Miami Beach Community Health Center, Inc.

9. Reklame yon esplikasyon ki konplè, presi, fasil pou konprann e yon esplikasyon ki kiltirèlman e lengwistikman konpetan (e, lè sa nesesè, lòt enfòmasyon konsènan) nenpòt ki dyagnostik, tretman, pronostik, e/oubyen yon plan tretman, altènatif (ki enkli chwa pou pa gen tretman), avèk risk ak benefis ki asosye yo tou.
10. Resevwa enfòmasyon konsènan disponibilite sèvis sipò yo, ki enkli tradiksyon, transpò, ak sèvis edikasyon.
11. Resevwa ase enfòmasyon pou patisipe konplètman nan desizyon ki konsène swen sante li e ki pou bay konsantman enfòme avan nenpòt dyagnostik oswa pwosedi terapeutik (eksepte nan ka ijans). Si yon pasyan pa kapab patisipe konplètman, li gen dwa pou li reprezante pa paran, gadyen, manm fanmi li ak lòt ranplasman ki deziyen yo.
12. Poze kestyon (nenpòt ki lè anvan, pandan, oubyen apre ou resevwa sèvis yo) konsènan dyagnostik, tretman, pronostik e/oswa yon plan tretman ki planifye, altènatif ak risk, e resevwa repons ki fasil pou konprann e ki klè a kestyon sa yo.
13. Refize nenpòt tretman (eksepte sa ke la Iwa entèdi yo), pou rete enfòme sou altènatif e/oswa konsekans pou refize tretman, ki kapab enkli ke MBCHC genyen pou li enfòme otorite apropiye yo de desizyon sa a, e eksprime preferans yo konsènan tretman nan lavni.
14. Jwenn yon lòt opinyon medikal anvan nenpòt pwosedi fèt.
15. Rete enfòme si tretman yo se pou fè rechèch oubyen si se pou eksperimentasyon, e pou yo jwenn opòtinite pou yo bay konsantman enfòme yo anvan rechèch ak eksperimentasyon sa yo kòmanse (amwens ke konsantman sa a anile otreman).
16. Devlope direktif avanse e rete asire ke tout founisè swen sante yo ap konfòme a direktiv sa yo selon la Iwa.
17. Deziyen yon ranplasan pou pran desizyon sou sante si li ta vin enkapasite.
18. Mande e resevwa enfòmasyon sou responsabilite finansyè li pou sèvis yo.
19. Resevwa yon kopi detaye de bil pou sèvis yo, yon esplikasyon sou chaj yo, e yon deskripsyon de sèvis ke yo ap chaje a aspirans li.
20. Fè demann pou asistans adisyonèl ki nesesè pou konprann e/oswa konfòme a pwosedi e règleman MBCHC, gen aksè a sèvis swen sante e sèvis ki gen rapò ak sa, patisipe nan tretman, oubyen satisfè obligasyon peman lè ke yo kontakte Sorangely Menjivar, SEVP sèvis pasyan an.
21. Depoze yon plent sou MBCHC oswa anplwaye li yo san krent pou diskriminasyon oswa retalyasyon e pou li rezoud nan yon fason ki jis, ki efikas, e ki fèt alè lè ke yo kontakte Dennis Cadiz, Ofisyen Konfòmite.

³ Enfòmasyon pasyan



Miami Beach Community Health Center, Inc.

CHAK PASYAN RESPONSAB POU:

- 1.** Bay enfòmasyon pèsonèl, finansye, sou asirans, e medikal ki presi (Ki enkli tout tretman e medikaman ou ap pran aprezan) anvan ou resevwa sèvis nan MBCHC e founisè swen sante yo.
- 2.** Swiv tout règleman e pwosedi administratif e operasyonèl yo ki poste andedan fasilitè MBCHC yo.
- 3.** Konpòte yo nan yon fason ki janti, koutwa, atansyone e avèk respè anvè tout anplwaye e pasyan MBCHC yo, ki enkli respè enfòmasyon prive e diyite lòt pasyan yo.
- 4.** Sipèvize pitit li lè yo nan fasilitè MBCHC.
- 5.** Evite konpòtman abizif, danjere, menasan, oswa maledve anvè lòt pasyan e/oswa anplwaye MBCHC yo.
- 6.** Pa pote nenpòt tip de zam avèk eksplozif andedan fasilitè MBCHC yo.
- 7.** Kenbe tout randevou yo e rive alè.
- 8.** Avize MBCHC pa pita ke 24 è (oubyen osito ke posib nan 24 è d'tan) ki presede lè randevou li genyen ke li pa kapab kenbe kòm konvni.
- 9.** Patisipe nan e swiv plan tretman ki rekòmande pa founisè swen sante li yo, nan la mezi kote li kapab, e travay avèk founisè pou atenn rezulta sante ki dezire yo.
- 10.** Poze kestyón si li pa konprann esplikasyon an (oswa enfòmasyon sou) dyagnostik, tretman, pronostik, e/oswa yon plan tretman, altènatif oswa risk/benefis ki asosye, oswa nenpòt lòt enfòmasyon ke yo ba li konsènan sèvis yo.
- 11.** Founi yon esplikasyon a founisè swen sante li yo si li refize (oswa pa kapab) patisipe nan tretman an, nan la mezi kote li kapab, e kominiike klèman dezi li e bezwen li.
- 12.** Enfòme founisè swen sante li yo sou nenpòt chanjman oswa reyaksyon a medikaman e/oswa a tretman.
- 13.** Familyarize li avèk benefis e ekslizyon li yo, dediktib, kopeman, ak pri tretman yo.
- 14.** Lè li aplikab, fè yon efò de bòn fwa pou ranpli obligasyon finansyè yo, ki enkli peye pou sèvis ki bay yo rapidman.
- 15.** Avize MBCHC sou tout enkyetid, pwoblèm, oswa mekontantman avèk sèvis ki bay yo oswa fason ke yo bay yo (oubyen moun ki bay yo a).
- 16.** Itilize tout sèvis, ki enkli tou pwosedi pou plase yon plent, nan yon fason ki responsab e ki pa abizif, ki reponn a règleman e pwosedi MBCHC yo (ki enkli ke li dwe okouran de obligasyon MBCHC genyen pou trete tout pasyan on manyè ki efikas e ki ekitab.)

4 Enfòmasyon pasyan